

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1. Kacindekan

Dina ieu bab baris dijéntrékeun kacindekanana. Dumasar kana hasil panalungtikan jeung pedaranna, bisa dicindekkeun sababaraha kacindekan, nya éta:

- 1) Dina prak-prakanna, runtuyan acara sabada nikah di Kacamatan Jonggol sarua jeung runtuyan acara di daérah Sunda séjénna. Runtuyan acarana dimimitian ku acara nyawér, dituluykeun ku acara nincak endog, meuleum jeung miteskeun harupat, buka pintu, sarta huap lingkung. Ngan di sababaraha daérah aya nu ngaganti acara meuleum jeung miteskeun harupat ku acara meuleum kapas dina coét, aya ogé nu nambahkeun acara meuleum kapas dina coétna téh sanggeus acara meuleum jeung miteskeun harupat. Hal ieu gumantung kana kasiapan jeung kalengkepan nu boga hajat sarta kumaha panata acarana méré pituduh.
- 2) Tina runtuyan acara sabada nikah dina ieu panalungtikan kapanggih aya 75 simbol anu disurahan hartina atawa ma'na nu dikandungna. Tina 75 simbol, kapanggih 7 dina bahan keur nyawér, 2 dina alat nyawér, 2 dina prosés nyawér, sarta 24 dina rumpaka téks nyawér; 2 dina bahan jeung alat nincak endog, sarta 3 dina paripolah dina acara nincak endog; 3 aya dina bahan jeung alat; sarta 5 dina paripolah salila acara meuleum jeung miteskeun harupat; 3 dina bahan jeung alat keur acara meuleum kapas dina coét, sarta 2 dina paripolah meuleum kapas dina coét; 2 dina paripolah salila acara buka pintu jeung aya 6 dina rumpaka téks buka pintu; sarta 7 dina bahan jeung alat acara huap lingkung, jeung 7 sacara umum. Simbol-simbol éta aya dina kalengkepan bahan, alat/instrumen dina upacara adat, eusi rumpaka tembang nu dihaleuangkeun dina acara sabada nikah, jeung paripolah dina acara sabada nikah.

- 3) Dumasar kana hasil analisis, simbol-simbol nu nyampak atawa nu kapanggih dina runtuyan acara sabada nikah téh réa ma'na nu penting keur disurahan. Ampir sakabéhna ngandung ma'na pépéling atawa mapatahan ka pangantén keur nyanghareupan kahirupan rumah tangga ka hareupna, sangkan meunang kabagjaan boh di dunya boh di ahérat, jeung sangkan dijauhkeun tina kagoréngan kahirupan.

5.2. Saran

Sanggeus réngsé nalungtik runtuyan acara sabada nikah nu aya di Kacamatan Jonggol Kabupaten Bogor, loba pisan mangpaat nu karasa. Dipiharep hasil ieu panalungtikan bisa ngeuyeuban pangaweruh ka masarakat umum anu can apal jeung ngeuyeuban kajembaran tradisi-tradisi di Tatar Sunda hususna di daérah anu geus kacampuran ku budaya séjén jeung sélér séjén, contona Kacamatan Jonggol. Dina ieu panalungtikan loba pisan simbol anu can kaguar atawa ma'na nu can kajéntrékeun. Ku kituna dipiharep keur panalungtik satuluyna bisa medar ngeunaan simbol jeung ma'na leuwih jembar jeung jéntré deui tibatan nu geus aya.